**दिन—गुरूवार** **दिनांक—27.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कहलनि अछि जे सरकार एकैसम शताब्दिक भारतक लेल आधुनिक खेल व्यवस्था तैयार करबाक हेतु पूर्ण रूप सँ प्रतिबद्ध अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे खेल विश्वविद्यालय सँ लऽकऽ आधुनिक प्रशिक्षण केंद्र धरि, देशभरि मे एहेन खेल तंत्र विकसित कयल जा रहल अछि, जाहि मे खेलाड़ी सभक प्रतिभा कँ हरेक स्तर पर सहयोग भेटत। वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ खेलो इंडिया संवाद कँ संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे खेल मात्र पदक जीतबाक धरि सीमित नहि अछि, अपीतु ई विकसित भारतक निर्माण मे देश के खेल प्रतिभा आ युवाशक्ति कँ जोड़बाक अभियान अछि। ओ कहलनि जे देशक हरेक जिला मे विश्वक खेल मानचित्र पर अपन पहचान बनेबाक क्षमता अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे ओ लाल किला के प्राचीर सँ पाँच सँ पंद्रह वर्षक आयु वर्गक बच्चा सभ मे खेल प्रतिभा के सोझा आनबाक लेल पैघ स्तर पर प्रतिभा खोज अभियानक घोषणा कयने छलाह। ओ एहि लेल सरकारक दिस सँ सभ संभव सहयोग देबाक आश्वासन देलनि।

---

प्रधानमंत्री प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे आइ भारत मे खेल नीक रोजगार आ व्यवसाय के रूप मे उभरि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे खेल मात्र चैंपियन बनब नहि सिखबैत अछि, अपितु नीक प्रतियोगी सेहो बनबैत अछि। ओ कहलनि जे खेलो इंडिया संवाद मात्र खेल पर चर्चाक कार्यक्रम नहि अछि, ई संवादक एक एहेन मंच अछि, जतऽ हरेक विचार देशक खेल क्षेत्र कँ नव दिशा दऽ सकैत अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे देशक युवा सभक शक्ति सँ निकलल ई नव विचार विकसित भारतक संकल्प कँ पूरा करबाक शक्ति बनत।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटनाक बापू सभागार मे जीविकाक दिस सँ आयोजित कार्यक्रम मे कहलनि जे राज्य मे महिला विश्वविद्यालयक स्थापना कयल जायत। मुख्यमंत्री कहलनि जे पीएचडी करऽ बला छात्रा लोकनि कँ राज्य सरकार चारि वर्ष धरि हरेक मास दस हजार टाकाक आर्थिक सहायता देत। श्री चौधरी मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक अंतर्गत आइ पाँच लाख जीविका दीदी सभक खाता मे कुल छओ सय करोड़ टाकाक सहायता राशि

अंतरित कयलनि। मुख्यमंत्री चारि लाख जीविका दीदी सभ कैँ पहिल किस्त कैँ रूप मे दस–दस हजार टाका, जखनकि एक लाख जीविका दीदी सभ कैँ दोसर किस्त कैँ रूप मे बीस–बीस हजार टाका हुनका लोकनिक खाता मे ट्रांसफर कयलनि। कार्यक्रम मे दस हजार महिला लाभार्थी लोकनि कैँ जीविका निधि सँ पचास करोड़ टाकाक ऋण सेहो वितरित कयल गेल। मुख्यमंत्री समृद्ध महिला–समृद्ध बिहार अभियानक शुभारंभ कयलनि। ओतहि, नशामुक्त युवा–विकसित भारत संकल्प अभियानक अंतर्गत मद्य निषेध उत्पाद आ निबंधन विभाग तथा प्रजापिता ब्रह्माकुमारी ईश्वरीय विश्वविद्यालयक मध्य समझौता ज्ञापन पर सेहो हस्ताक्षर कयल गेल। श्री चौधरी कहलनि जे नशा कोनहुँ परिस्थिति मे नीक नहि अछि। एम्हर, एक आन कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री मगध महिला कॉलेज, पटना मे साइंस ब्लॉकक निर्माण काजक आधारशिला राखलनि आ छात्रा सभ सँ संवाद सेहो कयलनि।

––––––––––––––––––––––––––––––––––

नेपाल मे आयल बाढ़ि कैँ देखैत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ वाल्मीकिनगर गंडक बराजक हवाई सर्वेक्षण कयलनि। ओ स्थलीय निरीक्षण कऽ गंडक नदीक बढ़ैत जलस्तर के स्थितिक समीक्षा सेहो कयलनि। श्री चौधरी जल संसाधन विभागक अधिकारी लोकनि सँ बराज आ तटबंध सभक स्थिति के विस्तृत जनतब लेलनि तथा आवश्यक दिशा–निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य सरकार कोनहुँ आपात स्थिति सँ निपटबाक लेल पूर्ण रूपेण तैयार अछि। एम्हर, बाढ़िक आशंका कैँ देखैत पूर्वी चंपारण, पश्चिम चंपारण, गोपालगंज, सारण, मुजफ्फरपुर आ वैशाली सहित गंडक नदी सँ सटल जिला सभ मे सतर्कता बढ़ा देल गेल अछि। जल संसाधन विभागक अनुसार वाल्मीकिनगर गंडक बराजक जलस्तर मे कमी दर्ज कयल गेल, मुदा देवाघाट क्षेत्र मे भेल वर्षाक कारणे एक बेर फेरो नदीक जलस्तर मे वृद्धि देखल जा रहल अछि। विभागक अभियंता लोकनि जनौलनि जे आइ भोरे नओ बजे बराज सँ एक लाख चारि हजार क्यूसेक पानी छोड़ल गेल अछि। बराजक स्थिति सामान्य अछि आ आपात निगरानी सँ संबंधित कोनहुँ संवाद नहि अछि।

––––––––––––––––––––––––––––––––––

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता बनल अछि। पिछला चौबीस घंटाक दरमियान भागलपुरक सबौर मे सभ सँ बेसी एक सय चारि मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा मे पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, समस्तीपुर, मुजफ्फरपुर आ नवादा जिला मे भारी वर्षा हेबाक चेतावनी जारी कयलक अछि। एहि दरमियान तेज हवा चलबाक सेहो संभावना अछि।

---

मधुबनी जिलाक महिला लोकनि रक्षाबंधनक पावनि पर केराक पात, रेशम धागा आ मखाना के उपयोग करैत राखी बनौलनि अछि। एहि राखी कैँ मधुबनी पेंटिंग के प्राकृतिक रंग आ आन प्राकृतिक वस्तु सभ सँ सजाओल गेल अछि। एहि राखी कैँ राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह, गृह मंत्री अमित शाह आ उत्तर प्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कैँ पठाओल गेल अछि।

---

मधुबनी जिलाक घोघरडीहा थाना क्षेत्रक पुलिस एक ट्रक सँ छब्बीस सय लीटर शराब जब्त कयलक अछि। पुलिस ट्रक कात मे ठाढ़ एक दू पहिया वाहन कैँ सेहो जब्त कयलक अछि।

---

समाप्त